

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

Tout espas piblikasyon Sosyete Koukouy yo : Paj Ti Gout Pa Ti Gout, Pawòl Kreyòl : Revi Literè Sosyete Koukouy, Enfo-Lèt Sosyete Koukouy nan Kanada louvri pou yo akeyi atik tout kreyolis ki pa nan patizànri politik, kit yo se manm Sosyete Koukouy kit yo pa manm. Atik la app ase apre nou fin ekzamine li.

AN NOU KOZE SOU PAWÒL KREYÒL : REVI LITERÈ SOSYETE KOUKOUY

AK MICHEL-ANGE HYPOLITE KISA PAWÒL KREYÒL YE? KISA LI FÈ DEJA?

Sòti nan ane de mil nèf rive nan ane de mil venn kat, Pawòl Kreyòl: Revi Literè Sosyete Koukouy kase randevou avèk piblik kreyolis yo selon yon kadans biyèn. Pafwa, kondisyon yo, endepandaman volonte nou, konn lakòz pye nou glise sou yon twazyèm ane avan nou pran lari. Sepandan, se depi nan kreyasyon Bilten Koukouy nan Monreyal, manm yo, nan gwoup literè epi atistik Sosyete Koukouy, te santi nesite pou yo mete sou pye yon ògan pou yo pwopaje pwòp lide yo ansanm avèk pawòl lòt kreyolis ki konnen nesite epi enpòtans espas vilgarizasyon yo nan pwomosyon ak nan kreyasyon dokiman pou nou anrichi lanng kreyòl la.

Konsa, rive nan ane 2009 nou te pran desizyon, anndan yon woumble ki te fèt Miyami, pou nou mete Pawòl Kreyòl: Revi Literè Sosyete Koukouy sou pye. Jounen jodi a, nou ajoute Enfo-Lèt Sosyete Koukouy anndan Kanada nan lis piblikasyon nou. Gen yon epòk, nou te Bilten Koukouy nan Monreyal (1984 – 1995). Apresa, nan Konektikèt, te vin genyen yon Bilten ki rele Bòbèch apati ane 1991 – dat?). Anfen, nan ane de mil nèf, pou nou konble vid evidan, ki genyen nan piblikasyon revyi epi bilten ki destine pou lanng kreyòl la sèl grenn, nou lanse premye revyi literè nan lanng kreyòl Ayiti a, Pawòl Kreyòl: Revi Literè Sosyete Koukouy.

Chak grenn revyi nou bibliye kouvri yon tèm espesifik. Nan premye nimewo revyi a, (2009) ki rele **Men Nou**, nou te prezante tèt nou. Sa vle di, nou te prezante chak branch Sosyete Koukouy yo nan divès vil oswa peyi kote yo twouve yo a. Prezantman, nou genyen kat branch anplis: Sosyete Koukouy nan Boston, Sosyete Koukouy nan Dèlma, Ayiti epi Sosyete Koukouy nan Arabini, Sosyete Koukouy nan Chikago. Tout branch sa yo ap rapousiv menm vizyon an, ki se : « Asire defans ak pwomosyon lang ak kilti pèp ayisyen an yon fason pou nou tout Ayisyen rive rekonsilye ak pwòp tèt nou, «*Pandan nou ap mennen Ayisyen an sou wout pou li rekonsilye avèk pwòp tèt li.*» [Tradiksyon lib] (J. Tanbou, Kaye Kreyòl No.3, p. 31, 2000).

MEN SA PAWÒL KREYÒL DEJA FÈ

Nan volim 2- Ane 2011, nou te fè yon nimewo espesyal. Nan nimewo sila a, nou te fikse atansyon nou sou tranbleman Ayiti a, nan ane 2010. Tit nimewo a, se te **Lomeyans pou Ayiti**. Nan ane 2013, nou te bibliye Volim-3 revyi a. Tit li se te **Literati : Pwezi Kreyòl Ayiti**. Ladan nou te nonsèlman chwazi bèl echantyon powèm ekri ki manm Sosyete Koukouy yo, nou te kreye yon plas espesyal pou lòt powèt ayisyen ki ekri an kreyòl, tankou Georges Castera, Syto Cavé, André Fouad, Serge Madhère epi anpil lòt ankò. Nan menm nimewo a, nou te prezante yon brèf istwa devlopman pwezi kreyòl la. Pi plis toujou, nou te fè lektè nou fè konesans avèk kèk nan fòm pwezi ekri nan Sosyete Koukouy yo te devlope anndan òganizasyon an. Jounen jodi a, genyen 2 lòt fòm pwezi ki vin agrandi fanmi novote Sosyete Koukouy ap pote nan pwezi kreyòl Ayiti a. Se pwezigo avèk Gary S. Daniel epi Pwezimarasa avèk Jude Jean-François. Nan ane 2015, nou te bibliye Volim 4 revyi a, sou **woman ki ekri an kreyòl** yo nou te eksplore yo. Epitou, nou te pwofite fè yon istorik woman yo an kreyòl, apati achiv nou, soti ane 1970 rive 2015. Nan ane 2021, se teyat ki te genyen priorite a. Tit li se **Teyat Koukouy**. Konsa, Volim 5-ane 2021 te rapòte divès kalite pyèsteyat dramatik Sosyete Koukouy yo (Jan Mapou, Kiki Wainwright, Serge François-Ralba, elatriye te ekri ; men tou, nou te kite plas pou Lionel Desmarattes, Bob Lapierre- Andre Lapierre Pardo, Franketienne, André FritzDossous- Papadòs, elatriye.

Prezantman, nou nan ane 2024, epi se travay kritik ki fèt nan lang kreyòl la nou abòde. Tit nimewo a se : **Kritik Literè**. Tousuit apre lanpatèks nimewo a, nou rezève pou semenn ki ap vini an, nou rann Maximilien Laroche (1937-201) yon kokennchenn omaj anba tit : *Pou nou savalouwe Maximilien Laroche*. Apre mwen fin di nou tout pawòl sa yo, mwen lage nou nan de plamen Gary S. Daniel – Nèg Gonbolyen, ki pral deplòtonnen tout atik ki ekri nan nimewo revyi sila a pou nou. Pawòl Gary yo parèt nan yon seksyon revyi a, nou rele Alapapòt Pawòl Kreyòl : Revi Literè Sosyete Koukouy.

*Michel-Ange Hyppolite (Kapten Koukouwouj)
Manm Sosyete Koukouy nan Kanada
Manm nan Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)*

MEN SA KI GENYEN NAN PAWÒL KREYÒL VOLIM 6 ANE 2024

Ak Gary S. DANIEL, Nèg Gonbolyen

Pawòl Kreyòl, revyi literè Sosyete Koukouy ap remèsye nou pou kiryozye nou pote sou koze ki nan dyakout piblikasyon sila a. Se ak anpil dedikasyon, konstans epi konsyans pou jwisans entelekyèl nou, nou tètòt chak tèks ki prezan anndan revyi a. Pou noumenm chak plimeyank delivre lespri atizay literè li nan kanpe yon pyès, li byen taye nan ak

lide pou li satisfè gou ak apresyasyon chak lektè nan yon pwomnad literè san parèy. Lektè revyi a ap jwenn kritik akademik, oto kritik, kritik byografik, kritik ekri sou ekri, kritik lib. Genyen tou yon seksyon sou ansèyman literati kreyòl ak pedagoji, yon seksyon sou lekti pou lajènès. Pi plis toujou, genyen yon kout je sou kilti ak sosyete, kote nou nou kapab li pawòl travay yon atis pent Sosyete Koukouy sou penti. Konsa tou, nan seksyon anèks la, ki se yon diplis nou va jwenn limyè sou vizyon ak misyon Mouvman Kreyòl / Sosyete Koukouy.

LANPATÈKS

Anpatan, Pawòl Kreyòl: Revi Literè Sosyete Koukouy ap envite nou dige fondas yon premye pawòl, nan seksyon lanpatèks la, ki soti anba plim mèt vizyon kreyolisay la, Manno Ejèn. Se yon fason pou nou devlope jèm konbit la, epi ekspoze/demontre lespri chapant devnite revyi Sosyete Koukouy akouche pou nou an.

BIYOGRAFI TEMWAYAJ

Biyografi temwayaj se yon koutflach sou yon moun ki fè yon sipèb travay oswa yon travay eksepsyonèl nan domèn komite redaksyon an chwazi pou li oryante nimewo a. Se nan sans sa a Akademisyen Michel-Ange Hyppolite, Akademisyen Jean-Robert Placide epi Pwofesè Jobnel Pierre mete anba pwofesè yo travay pwofesè Maximilien Laroche apati divès defi li leve pou li manbre analiz kritik nan branch kreyòl literati Ayiti a. Poudayè, Pwofesè Maximilien Laroche te premye foyapòt literè ayisyen ki te louvri literè travay kritik longpleying an kreyòl sou kreyòl.

ESPAS KRITIK

Nan espas kritik, nou va dekouvri divès nivo travay kritik ki genyen anndan revyi a: kritik akademik, kritik sou kritik epi kritik lib.

KRITIK AKADEMIK

Nan seksyon sa a, nou va jwenn Pwofesè Frenand Léger kote li fè yon Analiz fòmèl sou lodyans Maurice Sixto ki rele Léa Kokoye ak *J'ai vengé la race*. Nan analize li a, pwofesè Frenand Léger demontre aklè avèk agiman, *J'ai vengé la race* pa yon lodyans.

Bò kote pa li, Pwofesè Jobnel Pierre louvri apati pou nan yon analiz manch long sou Pwezigram Jan Mapou a. Tit tèks la se: *Pwezigram Jan Mapou: fòm, anafò ak entètèks politik*.

«Pwezigram» se yonn nan estil ekriti pwezi Koleksyon Koukouy ki demontre fòs kreyativite manm sosyete a ap deplwaye anndan literati kreyòl la. Avèk atik sila a, lektè revyi a kapab apresye konnen plis toujou sou lavi Jan mapou, fòm ak karakteristik patikilye estil Pwezigram lan, fòs ideyolojik ki anndan liv sa a, ansanm avèk filyè politik powèt la.

Nan menm seksyon sa a nou ap genyen okazyon li yon atik pwofesè Pierre Anglade ekri sou «Zile Nou», Michel-Ange Hyppolite te bibliye nan ane 1995. Doktè Anglade fè yon travay premye klas nan fason li detaye zèv akademik kreyòl Michel Ange Hyppolite (Kapten Koukouwouj). Siyifikasyon mo nan «Zile Nou» nan 2 lang yo, franse ak kreyòl, malgre anpil nan mo yo kapab sanble men yo pa degaje menm lide. Pi douvan doktè a klase estil powetik otè «Zile Nou» an epi mennen nou apresye fòs lanmou nostalgik ki bwaze lekriti powèt la.

Toujou nan seksyon kritik inivèsité a, genyen Jobnel Pierre epi Michel-Ange Hyppolite ki prepare yon analiz sou prefas liv kreyòl yo, enpòtans yo kòm travay kritik. Atik la rele: *Ekri yon prefas nan pwezi kreyòl se yon kritik zanmitay*. Pou yon fini, otè atik yo prezise: « Li klè pou tout moun, prefas [yo] anlize la yo demontre, lang kreyòl Ayiti a byen vivan... Prefas sa yo pote refleksyon sou idantite ayisyen an, ansanm ak kilti pèp la. Pi plis toujou, yo pèmèt nou obsève wòl epi fonksyon pwezi a genyen nan sosyete Ayiti a. »

«Kiki Wainwright»: Yon imajinasyon pisan ak yon atizay powetik se pawòl Jobnel Pierre sou Zepon File(1994). Nan atik sa a, Jobnel Pierre te pwojete limyè sou yon atis mildimidansyonèl, kote fòs kreyatè atizan lekriti a anrasinen lide li san fway. Pwofesè Pierre revele don natirèl yon imen nan tout dimansyon atistik li, kit se mizik, dans, epi teyat, e nan ekritasyon kote li etale yo nan yon mounite san koulè. Lavi li, evazyon literè li, rezondèt atis Kiki pòte [Jobnel] Pierre envite tout lektè souse lespwi entarisab, enfatigab nan pase, prezan ak fiti yon mounite san limit nan Palmonò.

Se Donald Dorléant ki fèmen seksyon kritik inivèsité a avèk yon tèks li rele: *Pwoblèm ak vizyon kritik literè akademik lan an kreyòl ayisyen*. Nan analiz Donald Dorléant an, li te demontre tout defi sa te poze akademikman pou devlopman travay kritik inivèsité a nan lang kreyòl la. Li te site: defi enstitisyonèl, defi resous, defi tètansanm ant plimeyank ak inivèsité e menm defi sosyal paske pa te janmen gen yon asepsasyon nan pote jijman moun sou moun e moun ak moun, kit pozitif osnon negatif.

KRITIK SOU KRITIK

Nan seksyon ki rele Kritik sou kritik, genyen 2 tèks. Premye a, se yon lèt Henri-Robert Durandisse ekri jèn ekri yon ansanm avèk moun ki ap fè travay kritik yo. Henri-Robert raple yo tout "... yon fraz ki di "kritike se fasil, men kreye se difisil". Henri-Robert pran swen defini sa kritik literè ye epi pote yon digdal prensip etik ki dwe respekte lè yon plimeyank pote kritik literè sou yon zèv.

Dezyèm atik nan seksyon sa a soti anba plim Jobnel Pierre epi Donald Dorléant. Tit li se: Orijin, pwoblèm, ak zouti kritik jounalis literè an kreyòl ayisyen. Nan atik sila a, yo ekri: « Kritik literè jounalistik ki ekri nan kreyòl ayisyen an soti nan ane 1970 pou rive nan ane 2023 a, se yon pwodiksyon literè ki jèn anpil. Li demontre nan ki fason lang kreyòl Ayiti a ap pran plas li nan peyi a kòm mwayen pou pwopaje kilti peyi a ansanm avèk literati li. Nou jwenn li prensipalman nan yon revyi espesyalize tankou *Pawòl Kreyòl : Revi Literè Sosyete Koukouy* oswa nan atik jounal ki ap analize zèv ekri ayisyen yo, ki pwodui nan lang kreyòl la.»

KRITIK LIB

Kritik lib se yon pwopozisyon Jean-Robert Placide avèk lide pou li agrandi chan kritik literè a nan lang kreyòl la. Se yon fason pou tout moun jwenn yon opòtinite pou yo pale an kreyòl sou zèv ki ekri an kreyòl kou an franse. Daprè Jean-Robert Placide, yon kritik lib «Se yon libète espresyon sibjektif nan yon espas deba kritik oralite, literè ak atistik, avèk agiman objektif nan yon langay senp, klè pou tout moun konprann.» Seksyon sa a genyen yon tèks Darline Alexis sou yon chante BIC, yon tèks Maryse Ronald Chouloute sou woman ki rele Ti Fi a epi yon tèks Yvon Lamour sou chantè konpozitè Manno Charlemagne. Pou nou fèmen seksyon sa a, nou sèvi avèk pawòl Kritik Iléus Papillon sou ekri parèy li: Gary S. Daniel.

ANSÈYMAN LITERATI KREYÒL EPI PEDAGOJI

Nan atik «Luna Gourgue» la, ki rele: « *Refleksyon pou yon lòt ansèyman literati* », li konkli ak pawòl sa yo: Apre tout konsiderasyon, nou ka di gen ijans jodi a pou nou panse ansèyman literati a yon lòt jan. Nou rekonèt se pa senpman chanjman metòd nan etid zèv yo, entegrasyon zèv kontanporen, ak zèv kreyòl nan pwogram oswa chanjman nan mòd evalyasyon kou literati a ki pral modènize ansèyman an. Anpil lòt konsiderasyon dwe rante nan deba a : Pwoblèm fòmasyon pwofesè, kondisyon travay, pwoblèm mankman materyèl pedagogik... Men, objektif entèvansyon nou an, se brase lide ak tout pwofesè literati, ak tout responsab nan sistèm edikatif la, ak tout direktè-direktris lekòl ki konsène nan domèn ansèyman literati ayisyen nan peyi a. Entansyon nou, se sansibilize yo sou kesyon an, se pote lide pou nou rive ansanm mete sou pye yon dokiman pilòt ki pou mennen nou nan modènizasyon didaktik literati an jeneral, espesyalman didaktik literati ayisyen an.»

Nan menm seksyon sa a, Pwofesè Darline Alexis ekri yon atik ki rele fè : « Uit lane apre jeneralizasyon nouvo segondè a : reyalite ansèyman literati nan lang kreyòl an Ayiti.» Nan atik sa a, li demontre difikilte ministè edikasyon Ayiti a genyen pou li aplike refòm Bèna a. Apre sa, li siyale pwoblèm ki genyen pou ansèyman matyè ki rele literati kreyòl la. Prensipal pwoblèm lan, sèke Ministè edikasyon nasyonal peyi a pa devlope pwogram pou ansèyman literati. Kòm manyèl eskolè yo oblije suiv pwogram ministè a edikasyon an, nou vin twouve nou nan ratman materyèl pou ansèyman literati.

Anseye literati lang kreyòl la nan nouvo segondè a se yonn, men teknik pou anseye matyè sila a se yon lòt. Se nan aspè teknik ansèyman literati a, atik Jobnel Pierre la jwenn tout sans li. Tit atik la se Etap didaktik nan ekri yon kritik literè apati Vwa Zandò Manno Ejèn, (2007).

PAWÒL KIRITIK SOU LITERATI POU LAJENÈS

Nan pawòl kritik sou literati pou lajènès nou genyen 2 atik. Yo se rezilta travay Jocelyne Trouillot epi Maude Heurtelou. Prensipal enterè 2 ekri sa yo se pwodui liv pou jèn timoun. Nan atik Jocelyne Trouillot a, li fè istorik pwodiksyon liv pou timoun an Ayiti epi li demontre divès avantaj lekti nan lang manman timoun yo genyen sou devlopman yo. Bò kote pa li, Maude Heurtelou, limenn tou, fè menm konsta a. Epitou, li te pale sou divès baryè jèn ayisyen yo te genyen pou yo jwenn liv an kreyòl pou yo li. Apre sa, M. Heurtelou te prezise fason Leta epi manm sosyete sivil la ta kapab ajè pou yo rezoud kalite pwoblèm sa yo.

SOSYETE AK KILTIL

Nan sosyete ak kilti genyen antrevi Akademisyen Marie Rodny Laurent te fè avèk Pawòl Kreyòl: Revi Literè Sosyete Koukouy. Moun ki te ranmase enfòmasyon yo se pwofesè Sherley Louis. Antrevi a te baze sou prezans fi nan literati kreyòl ayiti a. Genyen tou yon seksyon tradiksyon avèk travay doktè Ernst Mirville (Pyè Banbou) sou Les Simulacres de Fernand Hibbert. Apre sa genyen yon lèz tradiksyon Edenne Roc te fè sou Compère Général Soleil de Jacques Stephen Alexis.

Pou nou mete yon bouchon sou atik yo anndan revyi a, lektè yo kapab apresye yon bèl atik sou penti yon powèt, ekri e benefaktè sosyal, grandèt kreyatè branch Sosyete Koukouy nan Santo: Dede Dorcelly te prepare pou nou.

Mezanmi, jwi sikdòja kreyòl la san bite epi pote nouvlè plezi dous pou dous kritik literati kreyòl la ban nou anndan Pawòl Kreyòl: Revi Literè Sosyete Koukouy!

Komite Direksyon Pawòl Kreyòl : Revi Literè Sosyete Koukouy voye yon chay remèsiman pou tout moun ki te patisipe nan reyalizasyon nimewo sila a. Nou kase randevou avèk yo pou de zan. Antretan, nou ap di yo : Kenbe fèm! Pa lage!